



Church of the Brethren

Repons Covid-19

Resous Finans ak Sibvansyon

Pandemic Covid-19 afekte ministè dirab anpil kongregasyon ak fanmi. Resous finans sa yo disponib pou sipòte ak agrandi ministè kongregasyon, distri yo, Kan yo avèk staf yo nan moman difisil sa a. Travay ansanm, sipòte youn lòt kapab fè limyè Bondie a briye menm nan moman difisil.

Ale sou www.brethren.org/covid19 pou plis enfòmasyon avèk nouèl.

Asistans Finans pou Staf Legliz ak Distri

Fon asistans pou Ministè: Sa a se yon fon ki kreye espesyalman pou ede ministè kalifye, ministè lisansye kap sèvi kòm pastè. Aplikasyon pou sibvansyon yo ap pase pa direktè distri a oubyen yon moun ki dezinye pou sa/manm fanmi ministè ki nan difikilte a. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://www.brethren.org/ministryoffice/assistance-fundhtml>, kontakte direktè distri ou oubyen email officeministry@brethren.org.

Plan asistans pou moun kap travay nan Legliz: Program Brethren Benefit Trust sa a bay asistans finans ak moun ki tap travay ak moun kap travay konnya kòm pastè ak lòt anplwaye legliz, distri ak kan Legliz Frè yo ki pa genyen okenn lòt asistans finans. Pou plis enfòmasyon vizite <https://cobbt.org/church-worker%E2%80%99-assistance-plan>, email: pansion@cobbt.org oubyen rele Debbie nan 847-622-3391.

Opòtinite Sibvansyon pou Kongregasyon yo

Fon Fwa an Aksyon Frè yo: Fon sa bay sibvansyon ak Kongregasyon yo jiska \$5,000 pou finansye projè kominotè, ministè kap bay fòs ak kongregasyon epi kap fè grandi rèyn Bondie. Pou plis enfòmasyon vizite <http://www.brethren.org/faith-in-action/>. Email BFIAFund@brethren.org oubyen rele 847-429-4343

Sibvansyon pandemic Covid-19 yo: Program sa a kreye tou nèf pou bay sibvansyon jiska \$5,000 ki soti nan fon ijans dezas pou sipòte kongregasyon avèk sekou imanité pou moun ki pi vilnerab nan kominote yo. Program sa a kapab genyen ladan: manje, abri, swen spirityèl ak emosyonèl, swen pou lidè legliz ak sipò pou timoun. Pou aplike oubyen pou plis enfòmasyon ale sou www.brethren.org/covid19grants, email: bdm@brethren.org oubyen rele 410-635-8731.

Ale nan jaden an: Sa a se yon program espesyal ki soti nan Inisyativ Manje Global/Biwo pou la pè ak regleman pou adrese problèm manje avèk sibvansyon jiska \$1,000 pou kreye oubyen ranfòse yon jaden kominotè. Moun ki te deja resevwa sibvansyon kapab aplike ankò pou plis lajan. Pou aplike oubyen pou plis enfòmasyon email jboshart@brethren.org oubyen rele 920-568-8177

Opòtinite sibvansyon pou Distri

Sivansyon pandemic Covid-19 yo: Program sa a kreye tou nèf pou bay sibvansyon jiska \$25,000 ki soti nan fon ijans dezas pou sipòte Distri avèk sekou imanite pou moun ki pi vilnerab nan kominote yo. Program sa a kapab genyen ladanl: manje, abri, swen spirityèl ak emosyonèl, swen pou lidè legliz ak sipò pou timoun. Pou aplike oubyen pou plis enfòmasyon ale sou www.brethren.org/covid19grants, email: bdm@brethren.org oubyen rele 410-635-8731.

Lòt Resous

Care act: Se te Gouvènman Federal la ki te vote aksyon sa a, ki genyen provizyon ladanl pou asiste ti biznis ak òganizasyon ki pa pou profi yo (ki genyen Legliz ladanl) nan program proteksyon chèk pewòl la. Pou aplike nan program sa se pa mwayen yon enstitisyon finans oubyen yon bank. Konsilte konseye legal ou, moun ki fè tax pou ou oubyen lòt profesyonèl konpetan pou lòt enfòmasyon. Direktè Distri ou kapab ba ou konsèy oubyen yon referans pou eksplòre opsyon sa yo. Vizite www.brotherhoodmutual.com pou aprann plis kòman pou aplike legliz oubyen distri. Nou kapab jwen plis enfòmasyon sou aksyon an nan U.S. Small Business Administration's Coronavirus relief options website: <https://www.sba.gov/funding-programs/loans/coronavirus-relief-options>